



UNIONE EUROPEA



REGIONE LAZIO



MINISTERO DELL'INTERNO

Fondo europeo per l'integrazione di cittadini di paesi terzi

JANGALÈ XAM NEKKIN CI BIIR DEUKK BI *Doon doomu Italie*



Sommaire

Ponk 1 – Faramfaccè cossanu Italie

Ponk 2 – Sart rewum Italie

Ponk 3 – Italien yi niatta laniou

Ponk 4 – Teureulinu nguur gui

Ponk 5 – Teureulinu deukk yi

Ponk 6 – Njabbot gui

Ponk 7 – Liguèèy

Ponk 8 – Doxinu janggalèmi ak yarru mag gni

Ponk 9 – Padj mi

Ponk 10 – Keuyitt yiy dox ci birr deukkub Italie

Ponk 11 – Deukouway. Luyass keur

Ponk 12 - Doxalinu allatèrètè

Ponk 13 - Lèmpo

Ponk 14 - And ci doxalinu reewmi/ keuyitu sejour

Ponk 15 - Doon doomi reewmi



Ponk 1

FARAMFACCÈ

COSSAANU ITALIE

Faramfaccè cossanu Italie


Ca jamono dju njeukk, Rome mo nekkoon boppup mbolèèm deukk yi bokk ci nguru Rome, tambalè ko ca engalterre japp egypte ak potugal ba mesopotamie (mi nekk Iraq tay dji).



Kallama deukub Rome *latin* leu woon. Latin bobu mo jurr kallama you bèss yi: italien, spagnol, français, purtugèss ak roumain.

Jamonoy natanguè kallama italien mingui tollu ci attum 1300. ca jamono djodju, niètt bindeu katt yu kharagne fègne naniu ci: Dante, Petrarca, Boccaccio.

Dante Alighieri, mo bindeu «Divina Commedia» moom la niou japp ni mo soss kallama italien.




Ba attum 1861, Italie dafa nekoon ay pacc pacc yu bari, yènnèu ci yoyu pacc ay domi yènnèèn deukk nio lenn djitè woon (Autriche, Espagne ak France)



1861: Ci leu Rewum Italie juddu, wayè Rome dafa nekoon batay bopp rewum Jangu Bi (keur labbè) nga xam ni labè bu makk bi moko jità.



 **1870:** Cila Rome tambalè bökk ci deukub Italie bolè ci nekk boppu reewmi.

 **1861 – 1922:** Italie nekk deukku benn baat.

Buurr bifa njeukk moy Vittorio Emanuele II, mi bökk ci njabootu Savoia





1922 – 1943: Italie di dundeu ci nootèèlu
Fascisme.

Ci jamono yooyè domu rèèwum Italie meunugnu
woon wax, meunu gnu woon bindeu sèèn xalaat,
walla dajaloo ci ay mbootaay.





Ca njeexintalu niarrèlu xarè aduna, Italie ci la nekk deuku wax sa xalaat. Tann njiit dugg: mbolèèm goor ak mbolèèm djiguèèn am sagn sagnu tann ki lèèn di jiiètè.



1946: Ci tanèèf gu makk, doomi rewum Italie yi muskalaf yeupp bolo dakkal nguru benn baat, ci leu **Republique Italie** juddu.





Ponk 2
SARTU RÈÈWUM ITALIE

Sartu rewum Italie

Gni gui ko nangu ci atum 1947, mu nekk sart bi gueneu makk bi rewmi di sukkeundiku

Mbolèèm Yoonu italie yi danioo wara ceureul lepp lu sart bou makk bu reew mi teureul.



Sartu r`èwmi 139 pacc leu niou seddeul`e ko niarri walleu:

- Bithi njeukk mingui wakh jeumm thi ...nguur guii ak jeumm thi att`e ak y`eleefu doomi rewmi.
- Bithi toppeu, mingui wakh jeum thi nu ngurr gu makk gui di teudd`e, manaam takhawaayam gui ak gnikoy djiit`e.



Njiit yu kaw`e yi: Penjum ndawu rew ak Senat, njiitu rewmi, goornement ak att`e katt yi.

Art. 1 Italie ngurr wax sa khalaat ngu sukkeundiku ci liguèy, daan sa doolè.

Art. 2 Ngur gui nanguna tè diko samm yèllèèfu domu adama ci bopam ak ci fimouy dundeu.

Art. 3 Doomi reewmi mèpp nio bokk yèm ci kanamu yoon, mooxam goor leu , mooxam djiguèèn leu, seetu niu ci cossanam walla dinèèm walla am amam.

Art. 8 Dinè yeupp nioo bokk attè ci kanamu Yoon.

Art. 10 Doxandèèm bi gnu xatal cim
rèèweum, meun neu niaan laxxu ci
biir rèèwmi ci li deupoo ak li yoon
teureul.

Art. 11 Italie daxxna xarè, mo xam daniu koy def nguirr noot yèneeni xèèt walla mu nekk njumtukayy buyy saafara jaffè jaffè digantè ay rèèw.

Art. 13 Moom sa bopp luniu sammeu leu nangu wouniou benn xèètou xagne nit boppam, xanaa mou fekk Yoon tekk ci moom lokho.

Art.15 Bataxal, ak mbolèèm waxtaanou niaari nitt kenneu waruko yeuddu walla diko siwweul walla nga koy ubi di ko jangg ci lu borom yegul.

Art.17 Doomi reewmi meunaniuy ndadjè ci jamm tè dugnu gaddu nganaay.

Art.21 Nitt kunekk amnga sagn sagnu wax sa xalaat ak bepp njumtukaay bikoy siiweul. Way tasskatu xibar yi soxlawugnu ndigal walla gnu dilèèn terè thi siweul xibaar.

Art.38 Bèpp domu rèèw gu laago terè meuneu daan dolèèm, ba du am lumuy dundè, yoon maynako ndimbeulu nguur.

Art.48 Bepp doomu reewmi, ngay goor walla di jiguèèn, yonn may naleu nga bokk ci tannèèf njiit yi su fekkè ni muskalaf nga.

Art.51 Bepp doomu reewmi goor walla jiguèèn, meunnga ligueey ci keuri nguur gui, walla bokk ci gni gnuy tann dilèèn fal

Yèllèèf doomu adama

- Moom sa bopp, sagn sagnu dem ak dikk, bokk ci mbootay, ndadjè, moom sa xalaat, tanneu seu diinè.
- Nieppa bokk yem ci kanamu Yoon
- Kepp ku Yoon tekk loxo, danguy japp ni defoo lignu lay djiigne ba firndè di am.
- Kenneu meunul foxati ci naka sudul nonu sa moomèèl.
- Yèllèèf meuneu doon doomi reewmi.



Yèllèèfu falu ak falè

Mingui jeum ci bokkuk doomi reewmi ci doxinu
nguur gui

Bokkuk domi rèewmi di doxalinu nguur gui.
Nign ciy bokkè nileu:

- *Yoon wu gatteu wi: ladjì xalaatu
mbolèèm domi reewmi yeupp,
dadjalè ay xatim ak luni mèl...*
- *Walla ci fallinu gni leen
di taxawal*



Yèlèèf dundeu

- Yelèèf thi niu aar lèèn thi febar, maguett, niakk liguèyy....
- Yelèèf thi wèrguyaram
- Yyèlèèf thi jangg ak sakku xam xam
- Yèlèèf thi liguèy, ak luni mèèl...





Ponk 3
TOLLOUWAYU NITT GNI

Tollou wayu nitt gni

Janvier 2011 nitt gni tollu woon naniou ci 60 000 000
Nitt gni cossano biti Italie: 5 000 000

Mbolèèmi goor : 48,5%

Mbolèèmi djiguèèn : 51,5%

Amnga serign wala soxna


Gniy seuy : 29.890.000


Gni taggo ci seuy : 1.185.000

Gni tendji : 4.550.000



Domi bitim reew yi gnu gueneu raagnè ci Italie






Nguuru wax sa xalat

Italie republique bu dul noot nitt leu ,tè kunekk meuneu wax sa xalat.

Niarri firndè yi gnu ci gueneu raagnè:



- Mboolomi moy doggal
- Doxal lepp luy moom seu bopp ak yamalè ci leu rèèwum italie di dox.



Dolèèy nguur gui

Dolèèy nguur gui niètt yi leu:

PENCUM
NDAWU RÈÈW
MI

KILIKTÈÈFOU
REEW MI

ATTÈ KATT VI

Dolèèy nguur ngui danio xaadialoo ci seen biir,
buci nekk ak doxalinu bopam ci kaw lilèèn sartu
reewmi may.

PENCCU NDAWU REEWMI

- Mooy teureul Yoon yi
- Peccum ndawu reewmi mooko yello

Peccu ndawi reewmi moy doggal di deuggeul yoon yi nguur gui teureul.

Niari bopp nioko sexxeu:

- *Pencum Ndawi reewmi*
- *Ndawi Senat bi*

Juromi att yu nekk laniu lenn di tanneu.



KILIKTÈÈFU RÈÈWMI

- Moy sagne sagnu doxal yoon yi niou teureul
- Nguur gui laniou ko jaglèèl

Nguurum reewmi moy doxal yoon yi pencc ndawu reewmi teureul.

Gni ko sexxeu gni leu:

- Njiitu nguur gui moy fal tè moy taggat jeuwrini reewmi
- Jeuwrin yi, kouci nekk amnga wall wou niu la jaglèèl.

Ci missal: jeuwrin bi niu denkkeu wallu liguèèy, jeuwrin bi niu denkk lu jeum ci birr reewmi, jeuwrinu weergui yaram, jeuwrin guignu denkk wallu bitim reew ak yuni mell...

ATTÈ KATT VI

- Moy sagn sagnu doxal yoon, mbuggal gni jagalti yoon, attè seet ki togne ak ki am deugg.
- Attè katt lagnu ko jaglèèl.

Attè katt yi dinagnu saytu ni yoon yi di doxèè tè nioyy ammal attè yi.

Jataay gu kawè gui eumbeu attè kat yi moy mboolowu attè kat yi mi bopam tey firndèèl momelou bopp yeneen niari mbollom njiitu rewmi



Su wesso penccu ndawu reewmi, nguur gui ak attè katt yi amneu yennen pencc yu am solo.

Njiitu reewmi


- Moy doxal sartum reewmu makk mi
- Moy taxawal reewmi ci kanamu yeneen reewyi
- 7 att yu nekk la gnu koy fal



Njiitu reew mi fi nekk jamono jii mingui tudd Giorgio Napolitano.

Penccum sartt mu makk mi. (attèkay mi guenneu kawè)

- Ci bugnuko ko ladjèè, dineu cambar ndax yoon sangam deuppo neu ak sart reew mu mak mi.



- Su yoon wi deuppo wul ak sart reew mu makk mi, pencc momu dafkoy naxsayal



Beureubu liguey yi

Bokk nagn ci beureubu liguey yi:

- Beureup yi nekk ci mbolèèm reewmi tey taxaw ci soxlay domi reewmi
- *Keuru jeuwrin yi*
- Takk derr yi, gnooy gniy taxaw ci kaaranguè biir reewmi



Gni yorr kaaranguè

Ggno taxaw di wootu deukk bi ci liy dal ci kawam joguè ci biti.

Gni bokk ci kaaranguè gui gnoy :

- *Soldaaru italien yi*
- *Soldaaru ndox mi*
- *Soldaaru jaww dji*
- *Sandarme yi*



Kaarangué biir deukkbi

Nitt gni ak bereup yiy topatoo kaaranguè reewmi.

Deukk bou nekk ci biir Italie amneu:

• *Ben njiitu
deukk bi
(pèrèfè)*



Mo fay ndawu nguur gui. Dagno wara nekkal ay dogalam ci saassi.

• *Njiitu takk derr yi*



Moy dadjalè mbooleem kuyy ligueey thi keuru alkaati yi.

Numero yi am solo


112 Sandarmeri

113 alkaati yi

Ponk 5

TEUREULINU DEUKK YI

Ni gnu seddeulè goxyi



Deukk bi

Deukk yi thi reewmi niaar fukk laniu

Gno yorr wallu weergui yaram, demm bi ak dikk bi, ndoxmi, courang bi, liguey bi, jangum liguey mi. Meunn nagnu teureul yoon. 5 att yu nekk lagnou lenn di fal.

Ci bopp deukk bunekk amneu ab guvernor ak penccu ndawu deukk ba.



Regione Puglia



Regione Lombardia



Diiwaan yi

Diiwaan yi 110 laniu , waayè fasyèènè nagnulèèn wagni ba 51. Niooy topatoo jangum waxambaanè yi, gui, mbalit mi, yombal dembi ak dikk bi, kaaranguè gui jeum ci mbeundeumi ak lakk ak suuf su yengu, yaxanal enerci

5 att yu nekk lagnu leen di fal.

Ci bopp diiwaan bu nekk njiitu diiwaan ak pencum ndawu diiwaan ba



Gox yi

Gox yi 8.092 laniou

Gnoo yorè wallum ndimbeulu askan wi, jangum tuut tankk yi, tabax yi ak jangum ndawgni, keuyitu nitt gni (juddu, seuyy, ak dè...), seugg yi, juuti yi, kaaranguè tabax yi, demm bi ak dikk bi, keuyeuti jeundd mi ak njaay mi, cossan, mbirum fal ak folli. 5 att yunekkk laniou leen di tanneu.

Bopp gox bu nekk amneu djiit (maire) ak penccu ndawu goxx ba.

Djiitu mbootay yepp
 (Deukk bi, diwaan bi,
 goox bi ak ngui sit
 xalat) nitt gnèlèni fal



Nguur gui moy fal prefet ci ben diwaan bu
 nekk tekk ci ay loxoom kaaranguè gui tè ay
 dogalam dgnu ko wara nekkal ci saassi.

Nataalu deukk yi

Italie 20 deukk leu

Deukk bouci nekk
amneu boppou deukk.

Ci missal : Boppu deukku
Piemonte moy Torino

Deukk bou nekk daniou
koo xajjalè ay diiwaan

Thi missal: Deukku Campania gnigui ko
seddeulè 5 diiwaan: Avellino, Benevento,
Caserta, Napoli, ak Salerno.





Deukkou Lazio

Gni fa deukk tollou nagnu ci:
5.775.000 ci biir gnoognu
doxandèèm yi 615.000 laniou

Lazio moyy niètèèlu deukk ci
Italie bi eupp nitt.




Lazio gningui ko xadji 5 diiwaan.


-  **Frosinone** (91 Gox yi)
-  **Latina** (33 Gox yi)

-  **Rieti** (73 Gox yi)
-  **Roma** (121 Gox yi)
-  **Viterbo** (60 Gox yi)

Doxaandèemi Europe yi guenneu bari ci Lazio



Mbollèem doxandèem yi bokkul ci Europe tè nekk ci Lazio



Deukku Rome

Deukk yeu: 2.743.796
 Doxandèèm yeu tollu ci 294.000

Moy deukk bi guenneu bari
 doxandèèm, Milan toppci

Moy Capitale (reewum taax) Italie.
 Njiitu reewmi fi leu deukk, nguurgui ak
 penccum ndawi reewmi fa la gnou nekk.

Ci birr Rome tamit la penccum keur
 labbè (Vatican) nekk.




Goxyi yi nekk thi Rome

Rome 15 gox goxaan leu.

Bopp gox goxaan bu nekk amneu djiitt ak niakoyy jappalè (4- 6 ndimbal)

Gnigui lenn di tanneu 5 att yu nekk, niomm ak ndawi gox yi.



Gox yi nioy toppatoo yii:

- Beureup yiy saytu tolluwayu doom adama yi.
- Beureup yi yorè ndimbalu askan wi.
- Beureup yi yorè njangg mi ak yarr gui
- Beureubu taggat yaram ak poomi ak coossan.
- Beureup yiy topatoo defarrat deukk bi (talli yi ak leer gui ak mbedd yi...), topatoo cossan ak aada, tekk tabakh yi ci yoon.
- Pexèè yiy jeumeulè kanam njeund mi ak njaay mi ci wallu jaay ak artisanat, ak jeundd ak jaay
- Liguèèyu polissu mairie.



Ponkk 6
NJABBOT GUI

Lan mooy njaboot?

Sart bu makk bu reewum Italie teureul neu ni
*njabbot dafa teunkku ci **seuy***


Jeukeur ak jabar yu amul bantteu
sakh Njabbot la gnu lenn di jappè



Bu wesso gniy nekk ci neegu seuy, barina ci Italie njaboot yu nekkul ci buum.

Yooyu digantè gni gui lenn di tuddè:

- Ay nekkalè suci doom juddu wul
- Njaboot ci kaw nekkalè, buci doom juddo



Yèllèèfu wayy denccantè yi (jeukeur ak jabar)

- Deukko: koleurè, topatoontè, ak luni mèl...
- Deukuwaay: Yèllèèf ci deukeundoo bi (kenn ci gnomm niarr meunuleu guenè moromam ci keur gui)

Su tawaat dikkè

Yèllèèf ci gnu taxawula keur doktor, jeul ay doggal, gnu yegal leu li xèw, ak luni mel...

Su faatu dikkèè

Yellèèf ci payoor gui, ci TFR, ci louyass ak ndono li....

Su tass dikkèè

Yèllèèf ci ndampaay ak ndunnd (doggalu attè kat bi)

Jamono dji gnu tollu, gniy seuy ak gniy
nekkaalè bokku gnu ay yèllèèf

Doom yi nioo bokk yèllèèf.

Wayjur yi gno yèm warèèf ci njaboot gui

SU TAGGO AMÈÈ, ATTÈ KAT BI MOY DOGGAL
KAN CI GOOR GUI WALLA JIGUÈÈN JI MOY
YORÈ DOOM YI.

Seuy

Bu seuy xeussè ba am jeukeur ak jabar gnoo bokk yèm **yèlèèf ak warèèf**.

Ci missal: gnoom niarr nieup gno wara topatoo njaboot gui, ci dundd bi ak yarr njaboot gui ak samantè koleurè.

Kunekkk ci gnoom niarr meungaa niaan baat.

Ku beugg seuyy ci reewum Italie:

- Meun nga seuy ci diinè (keurr janguu walla jakka)
- Meun nga seuy ci kanamu maire.

Meunn naniu tanneu bokk am am walla
kunekk yam ci sa alal



Bokk am am: Lepp lu ci waay am walla
jeunddeu ci biir seuy bi dafay dal di nekk lou
nguenn bokk

Yam ci sa alal: Kenn kunekk ya moom langa
jeunddeu ci biir seuy bi.

Seuy ci Italie

Ku fi beugg seuy danga wara teggu ci yonnu Italie ndeem nekk dommi reewmi.

- ⇒ Seuyu **niarri doxandèèm**, meun naa nekk wayè dafa wara fekkni kenn ci niom niarr amneu keuyit
- ⇒ Seuyu **doxandèèm ak doomi reewmi**: Soxlawul am keuyitu Italie, lignuyladji rek moyy keuyit gu ngu la meuneu raagnè lou mel ni passeport.
- ⇒ Gnaari doxandèèm yu beugg seuy tè amu gnu keuyit, walla deukkuniu Italie, meun nagnoo seuy ci kanamu ndaw lifi tèèwal sèèn reew.



Doxandèèm bi am neu yèllèèfu ladji keuyitu
 Italie bu sukkendiku ci seuyy, dèèm balama
 moo seuy amul woon ay kayit

Seuy rèk meunu la diox yellèèfu doon doomi
 reewmi ci saassi.

Nguirr nekk doomu reewmi:

- 1) Dagnoo wara seuyy lumu gatt
 gatt niaari att
- 2) Doxandèèm bi war naa **deuk**
 Italie lumu gatt niaari att (benn
 att su doom juddo ci seuy ba).



NJABOT GUI: Eumbeu

Bèpp jiguènu doxandèèm bu eumbeu, amnga yèllèèfu gnuy saytu sa wergui yaram ca keur doktor tè doo fay dara (xool seu doom numu teudèè, sèèt sa dereet ak yènèèn...)



Bepp jiguèn mo xamm nga am keuyit walla ngay doxandèèm amnga yèllèèfu gnu deglu leu, **rèwlè** leu ca keur doktor, ak fadji leu boyy mattu ak boo weussinè ba nopi.

Keuyitu deukk bi: Lajul nga am keuyit tè su fekèè way laxxu nga kenn doula feegnal.

Njabbot gui: Njuddu gui

Xalebu juddoo dagnu koo wara bindeu (declarè)

- Ca keur doktor: ci 3 fann yi topp ci juddu gui.
- Ca mairie ba: ci 10 fann yi topp juddu gui
- Kenneu ci waadjur yi suniu nekkè ci bummu seuyy
- Gnaari waadjur yi (su niu seuyul)

Juddu gui doktor meun na ko siiweul,
walla rewlèkat bi fekkè weussin guii

Daara yi: Daray tuut tankk gningui jeul liir yi bougnu amè 4 wèèr. Dagnu lèèn wara bindeu bala gnoo ganèci aduna. Payor gui mingui wuutè ci am amu ay wayjur yi. (ISEE)

Niakk yi: Niakk xaleyi lu warr la tè docì fay dara. Niakk bu njeukk gni gui koy amal bu liir bi amè 3 weer

Ci Italie niakk yi meunuleu niak yii leu: **difterite, tetano, poliomielite, epatite virale B**




Ponkk 7
LIGUEEY

Liguèèy

Kèpp ku nekk ci deukk bi amnga yèllèèfu am liguèèy ci linga meun.

Nguirr lolu antu republique bi birreul neu:

- Payoor gu doyy tè tolo ak ligueey bi nitt ki di def
- Noflaay ay bess bou nekk ak att munekk
- Yamalè liguèèy katt yu goor yi ak yu jiguenen yi.



- Jappalè ligueey katt yu jiguèèn yi banga xam ni eumbeu ak weussin dou yaxx senn ligueey.
- Jappalè borom laago, yi magg gni ak gni am ndokk ci beureubu ligueeyu kayy yi.

Yoon wi teunkk(eumbeu) ligueey katt yi moy yoon wi nga xam ni ci 1970 ba legui moy toppatoo walleu ak yèllèèfu ligueey kat yi.

Yellèèf ak warèèfu ligueey katt yi CCNL moo koy saaytu. Gni tollo mass danioo am keuyitu ligueey -keuyit yi gnuy yèèssal- nianga lenn di xatimèè ca mbootayu ligueey katt yi.



Nietti wallu ligueyy nioo am:

- *Liguèèyu binndu*
- *Liguèèyu bu projet*
- *Liguèèyal sa bopp*



LIGUEEY

**KEUYITU
LIGUÈÈY**


DIIRUB LIGUÈÈY

Ci binndu

- Bu am app (dafa am ap diir)
- Bu amul app (amul biss bumuy jeex)

- Diir bu gudd
- Diir bu gatteu

Ci missal: Ligueey katt yi, jangalè katt yi, liguèèy kattu keuru xaliss yi, ouvrier yi, ak fadj katt yi.



LIGUÈÈY

Bu projet

KEUYITU LIGUÈÈY

Bobu liguèèy dafay jeumm ci benn fann gnu koyy xaatim digantè liguèèy kat bi ak njaatiguèèm.

**DIIRUB LIGUÈÈY
BI**

Amul waxtu bugnu teureul, diir bi mingui tollu ak mattal projet bi

Ci missal: Defaar mbirr walla ab liguèèy ci fann wu mu meun doon

LIGUÈÈY

Liguèèyal sa bopp

KEUYITU LIGUÈÈY

Liguèèy katt bi amul
njaatiguè, moy taxawal
bopam ci kiliyan yi.

**DIIRUB LIGUÈÈY
BI**

Liguèèy katt bi moy teureul
diirub ligueeyam.

Ci missal: artissan yi,
jaay katyi, kepp ku am
ligueyu bopaam ak
yeneen.

Borom bitik yi nak danioo wara
teunku ci waxtu tidjii ak teudj.

Mbootayu ligueey katyi

Sartum rewwi nangul na ligueey katyi yèlèèfu dadjaloo ci ay mbootay yiy taxaw di sameu senni yèlèèf ak senn walleu ci mbirum kopar.

Senn nganaay bi guenn ragnèèku ci xèèx senni walleu ak yèllèèf moy bankeu senni loxo. Manaam bagn ni dugnu ligueey.



Mbootayu ligueey kat yi niu guenneu ragèè ci Italie
yi laniu



CGIL

gni ci bindu
6.300.000 laniu



CISL

Bindu yi
4.500.000



UIL

Bindu yi
2.200.000



UGL

Bindu yi
1.100.000

Mbootayu liguèèy katyi daniuy tèèwlul ligueeykatyi,
gni bindu ak gni binduwul yeupp.

Ci missal: Li jeumm ci pension allatèrète, lèmpo, lu
jeumm ci mbirrum layoo,

Daraay utukaay ligueey (C.P.I.)

Niiooy beureup yi dimbali nitt gni nguirr **gnu am ligueèy**

CPI dineu amal ay waxtaan wu lenn di jubeul ci yooni utum ligueey ak dilèèn jox liguey walla dillèn jangal liguèèy bu bess ci ab diir ci bignu niakkè liguey.




**Ku beugg leeral meun nga wootè
ci numero bii doo fay dara
800-818- 282**

Kepp kuy ligueyal sa bopp yii warnaniu la

1. Tidji Partita IVA
2. Bindu ci tèrèrè liguey katt ya nekk ci Camera di Commercio
3. Bindu dji INPS nguir waadjal ndimbeul ak allatrètè
4. Bindu dji INAIL Suko laadjè
5. Yegal waa mairie ba ndoortèèlu ligueey bi nguir meuneu fay lèmpo mbalitt

Camera di commercio manga nekk ca Via
Capitan Bavastro, 116 Roma
Ku beugg jokkoo ak niom ci internet bi
www.rm.camcom.it/



Ponk 8

JANGG AK NJAGGALÈ AK YAARU MAKK GNI

Jangalèmi

Njang mi lu warr la li tambalèè ci 6 att ba 16 att

Ndongo li am 14 att, bu waccè daara dju diggu doomu, meun naa demm ci diiru 3 att ca dara yiy jangalè ligueey yi tè deukk yi diko defal ndongo yi, njeekhinta gua niu lenn di jox lijassa, wareefu jang mi jekh.





Daaray tuut tankk yi mairie bi moom ci juddu gui ba 3 att




Daaray xaleyi yu mairie bi , nguur gui paritarie ci 3 att ba 5 att



Daaraay xaleyi (primaire) 6 ba 10 att



Daara dju digg doomu gui 11 att ba 14 att. 3 neek leu, ci jeexintal bi daniniu def jongantè bu nguur gui teureul.



Daraa dju mudjeu ci ndaw gni 14 att ba 18 ans, ci jenxintal nga nguur gui dina amal ay jongantè.

Keumpeu


Daaray tuut tankk yingui leen di woowè maternel

Yu

Daaray primaire gnu tuddelen elementaire

Daaray digg doom ecole moyen

Daaradju mudjeu ecole superieure



Daaray dju mudj ci ndaw gni dina niu ci ragnè lycèe yi, daara yi niuy janguè metier.

- Gniy janguè ci lycèe yi dina niu am ci senn jeenxintalum jang lidjassa bu lenn di meuneu dougal ca daara dju kawè kawè ga.
- Daara yi niuy janguè metiers meun naniu fa djoguè demm ci daara dju kawè kawè ga walla niu tambali liguèèy.
- Daara yi gnuy jangalèè metier ku fa def 3 att meun nga am lidjassa buy tax nga meuneu tambali liguèèy; ku fa def 5 att am lidjassa bu guenneu kawè bu leu meuneu dugal ci daara dju kawè kawè ga walla demm liguèèyi.



Njangum technique mu kawemi

Mooy djang mi topp ci ecole bu kawè bi, dagnuko jagalèl gnignuy taggat ngnir gnu duggu ci keurru liguèèyu xaraagn tuddu EQF.



- Jang mangui diir gnaari att yugnu xaac ci 4 pacci yu tollu ci 2000 waxtu ci xayma
- Meunnagnu cè duggu ci rawgaddu
- Mbootayyu Fondation yiyor mbirum njagalè technique mi gnokoy djitè

CTP – Daaray CTP yi ci deukk bi

Gninguiko jagalèèl bepp muskalaf buu yèwwo ci deukk bi, goor ak djiguèn, italien wala dowandèm, nguir gnu meuneu am lidjassayulen duggueul ci askanwi ak ci liguèèy.

CTP yoyyu gni ko tass ci deukk bèpp, ngir doxandèm muskalaf yi, di goor di djiguèn, liguèèykat wala kudul liguèèykat, ngir meuneu bikk ci askan wi ci jangum lakk kallama italien

Ci lekol yoyyu meunagnucè dèf:

- Paccu njangum meuneu dundu ci deukk bi
- Testu L2
- Njangum italien A1 A2 B1 B2 C1 C2 ngir am lidjassa

Sulleu ndittu CTP dioxè lidjassa A2 ak signature meunga bagna dèf test





Daara dju gueneu kawè

Nietti pathieu lagnu ko xaadji

1. Lidjassa bu ndjeukk ci 3 att

2. Lidjassa bi ci topp nietti att
yoyu dinaniu i dolli yenen niaar.

3. Lidjassa yu kawè yi doctorat
yokk xamxam ci walleu wi walla
beulè...



Ponk 9
WERRGUI YARAM

Beureup fadjukayu reewmi


Kepp ku nekk ci reewmi danga wara bindu ci beureubu fadjukayu reewmi SSN.

Bindu bi may na yèlèèfu:

- Tanneu seu doktoru njaboot
- Niu lay seetal sa yaram ci keur doktor
- Dileu bindeul ay garap
- Meuneu guiss dorktoru yi senn xam xam mathieu jeum ci benn fann.

Ci missal: gniy fadj beugn, doktoru jiguen, doktoru beutt ak doktoru xaleyi....

- Saytu werr guyaram ci analiss yi
- Fadjum lopital.



Doxandèem yi meun nanioo bindu ci SSN:

- Su niu amèè keuyitu deukk bi tey liguèèy walla di negandiku ab liguèèy
- Suniu nekkè doxandeem bu ay keuyitam jeex gnu koy yeessal walla mu nekk dawlaaxxu biy gnaan ndimbal.



Booy bindu lii lagnu lay laadji:

- Keuyitu deukk bi walla liy wonè ni yangui koy woutt
- Keuyit guiyy firndeel ni am nga foo deukk
- Keuyit guiyy firndeel numero Codice Fiscale

Doxandèem yi amul keuyitu deukk bi tamit am na gnu yellèèf ci padji mi.

Doxandèèm yi amul keuyitu deukk bi suniu amul sax keuyit gu niu leen di ragnè ASL yi dina gnu leen jox aw xop bu gnuy meuneu fadioo STP



Xobu STP may naleu:

- Nga fadju keur doktor bu jampèè walla nga soxleen rek, walla nga febar bu jarr nga teudd lopital, walla nga am ndogg.
- Aar sa bopp (**niakku**) niu guenn cè fullal werguyaramu xaleyi.
- Taxawu aar djiguèèn dju eumbeu ak dji weussin



Xobu STP :

- Du siiweul dawlaxu bi
- 6 wèr lay amm (meun nagnu ko yèèssal)
- Fo demm ci reewmi meun nga ko fa jeufeundiko
- Am na mandarga.

REGIONE LAZIO
ASSESSORATO SALVAGUARDIA E CURA DELLA SALUTE

Codice Identificativo: STP120918

Data di 1° accesso: ____/____/2005

Xob STP woowu du fegnal dawlaxu bi ci alkaati yi.

Keur jaboot

Keur jaboot yi ay beureup laniu yo khamni daniu leen soss guir fadji soxlaay jiguèèn gni, gni nekk ci neegu seuy, tuut tank yi ak jangamaar/waxambanè yi jeumm ci werr gu yaram.

Beureup bobu dafa jublu ci fagaar/aar nitt gni tè kenn dufa fay dara.



Yignu fayy def yi leu:


- Xibaar/leeral ak wissit nguir jeul ay matuwaay ci njurr.
- Ay pexè ci sorèèl njurr gui
- Waxtaan jeum ci mbirum seuyy.
- Xibaar/lèèral nguir fagaru ci tawat yi gniuy doonu ak saytu eumbeu yi meuneu am jaffè jaffè.

consultorio
familiare

- Xibaar/leeral jeum ci jassir
- Yoon yi nguir dakkal eumbeu. (I.V.G) bokk nagnu ci tamit jagamaar yi. Ak ndimbeul jeumm ci xèl ak xalaat nitt gni.
- Aar ak fagaru jeumm ci canceru jiguen gni.

Ci missal: wissite, PAP test, saytu ween ak jangal jiguen gni niuy seet senni ween benn yoon ci weer wu nekk

- Saytu eumbeu ak jangalè lu jeumm ci matt ak weussin



Wayy wollu yi

118

Mooy numero binga khamni boo jaxxè wootè fa niu wollu leu ci saassi. Meun nga wotè ci telefonu keur walla portable.

Kuko beugg tamit meun naa demal bopam ca wayy wollu yi nekk ci lopital buneek nioom nioniu tawut gu jampeu lagnuy wollu.



Ca lopital ba ci mettitu tawaat bi laniuy topantalèè wayy febar yi. Daniu leen di mandargalè ay melo.

- Xonx: tawaat gu tarr daniu lay jeul ci saassi.
- Mboxx tawwat gui meun nagnu ko seet ci diirub 10- 15 simili
- Wert, tawaat gui meun neu am neguendiku.
- Weex, lu jampul

UNIONE EUROPEA
REPUBBLICA ITALIANA

Ponk 10 KEUYITTU DEUKK BI

PASSAPORTO

Keuyit yiy dox ci biir Italie

Keuyit yi dox ci reewum Italie yii leu:

- Keuyitu ragnèè nit (C.I.)
- Code Fiscale (C.F.)
- Keuyitu dawal auto (PAT.)

Amneu yeneen keuyit yu am solo yu melni xobu keur doktor ak passeport.



Keuyitu mandarga

Keuyitu mandarga gui mooy tax gnu meun la ragnèè ak keneen

Liciy nekk moyy: beussu juddu, fann nga juddo ndax yangui seuy foo bayikoo loy liguèèy ak yeneen.

Keuyitt gui dagnu ko wara yeessal 10 att yu nekk. Keuyit gui ku amul cossan meunu koo jeufeundiko.



Doxandèèm bi deukk ci deukk bi am fi ay
keuyit meun naa ut keuyitu mandarga bi.

Mairie bisseu deukuwaay nekk
fa ngay utè keuyitu mandarga
gui.

3 nataal, keuyit gu niu leu
meuneu xamèè, ak keuyitu
deukk bi bu jeexul walla
keuyit guiy wonè ni yangui
xaar niu defar seu sejour
questura bi joxlako.



Code Fiscale

Code Fiscale xop leu wu gnuy ragnèè ci lu leer nitt gni ci mbirum limpo ak ci beureubu liguey yi.



Gnigui koy utèè ci beureubu Agenzie delle Entrate.
Sejour lagnuy ladj ak nataalu passeport

Keuyitu dawal

Meunuleu niakk ci ku
beugg dawal auto ci
bedd yi

Balako kenneu am
dangay am jongantè
booy def ba nopi.



Jongantè nquir am keuyitu dawal niaari fann leu:

- Ladj yu jeum ci ni yoonu mbedd ak dawal mi teuddè.
- Dawal ci bopam.

Ladj yi 40 laniu tontu yi waaw leu walla deet.

Danioo wara tontu bu jupp ci 36 ladj (kenn meunuleu juum lu eupp 4 yoon)



Bindu ci ut keuyitu dawal gnigui koy deffè ca beureubu ligueyukaay motorizzazione

Lignuy ladji lii leu:

- Niaari nataal yu ndaw yu yess;
- Keuyitu doktor bu timbar nekk bu and ak nataalam tè nataal nekk ci, keuyit googu warul wessu 3 weer; doktor bikoy xaatim daf ci wara am ndoggal.
- Keuyit guiyy wonè ni fayy nga 24 euros ci c/c 9001 ak 14,62 ci c/c 4028
- Doxandèèm yi bokkul ci UE dagnu ci wara bolè keuyitu sejour walla keuyitu negandiku sejour .

Ponk 11 DEUKUWAAY

Louyass keur/1/deukuwaay

Niari xèetu louyass nioo am:
Waxaalè ci njeugu luyass bi
Mbootaay yi nio
y teureul njeugu luyass bi



Ci waxalè bi, leu borom keur gui ak kiy luyè di and ci kaddu ci njeugu luyaas bi, lumu gatt gatt dineu matt 4 att meun naniukoo yèèssal yenen 4 att (sufèèkè ni borom keur gui soxla wul keurum) .

Luyaass keur /2

CI AND CI KADDU. Fayyuru weer dagnukoy waxtan ci digguente gniy deukk ak borom keur gui. Ku ci nekk am nga lempo yugnulay waagnil. Diirgui 3 att yugnuy yokk yenen niaar.

Contrat yoyyu dagnukoy signè ci Ufficio delle Entrate ci sugnu ko signè balla mo weessu 30 fan. Lignay fay lempo toll ci 2% digguentè kiy deukk ak borom keur gui ci wenn keuyit bo gnuy tuddè F23 .gni ngui koy fayè ci bank wala poste.

AGENZIA DELLE ENTRATE		1. VERSAMENTO OBBIETTO AL CONCESSIONARIO DI		Mod. F23
		PERUGIA		
		2. SEBIA (BREVETTARE A)		
		POSTE ITALIANE		
MODELLO DI PAGAMENTO: TASSE, IMPOSTE, SANZIONI E ALTRE ENTRATE		AGENZIA/UFFICIO		PG
		RIS. LA CREDITO ALLA TERZA/QUARTA		
		3. NUMERO DI VERSAMENTO DI		1,4,6,5,9,4,7, B, X, 6, 5, 9, 0, 2, 2, 4, 3
DATI ANAGRAFICI				
COGNOME, DENOMINAZIONE O RAGIONE SOCIALE				
4. COGNOME		NOME		INDICAZIONE
SAVASTANO		LUIGI		04061968
5. UFFICIO DI RILEVAZIONE / RILEVATORE		UFFICIO FISCALE		
VIESTE		S, V, S, L, G, U, 6, 8, F, 0, 4, L, 9, 5, 8, U		
DATI ANAGRAFICI				
COGNOME, DENOMINAZIONE O RAGIONE SOCIALE				
6. COGNOME		NOME		INDICAZIONE
MICHELE		VERDE		05011975
7. UFFICIO DI RILEVAZIONE / RILEVATORE		UFFICIO FISCALE		
CERNUSCO SUL NAVIGLIO		M I		V, R, D, M, C, H, 7, 5, A, 0, 5, M, 3, 3, 2, X
DATI DEL VERSAMENTO				
8. UFFICIO DI ENTRATE		7. COD. TERRITORIALE F. F. CONTRIBUTIVO		9. CAUSALE
18,7,3,2,2		T, E, R, 4		2
11. CODICE TRIBUTARIO		12. DESCRIZIONE DI		13. RAPPORTE
R, P		2, 0, 1, 1, S, 3, 1, 4, 5, 1, 2		
				14. COD. DESTINATARIO

Njeundum deukkuway

- Jeundkatt bi dafay joxè kaddom kiy jaay ni dineu jeundd, bolè ci wax limu meuneu dugueul (awanss)
- Su jaay kat bi nangoo kaddu jeundeu kat bi dinagnu xaatum gu njeukk (digguè jaay) jeundd katt bi daldi joxè limuy dougueul (awans)
- Njaay mi deugg minguiy amè ci kanamu notaire (ndaw linga xamni moy deugueul xaatumu njaay keur); lolu dignuko woowè «Rogito». Jeundkat bi dina joxè limu digguè woon ci njeulbèèn.
- Ku jeund keur dinga fay nguur gui lèmpo.



Ponkk 12

DOXALINU ALLATÈRÈTÈ

Doxalinu allatratete

Ngii nio meuna diot xalissu allatèrètè

- *Ku ligueey ba wacc suffeke say att mayatuleu ko : allatèrètè maguet*
- *Ku ligueey ba wacc ndax sa nattu allatrete dafa mat : allatèrètè mak*



- *Ku meuneutula ligueey ndax ndok dala dapp: allatèrètè teule*
- *Gni mbokko ak liguey katt bi guenn aduna : pensiongu jeutuur walla doom yu ndaw yi*
- *Ki amul weeruwaay tè meunul ligueey : pensiongu dimbeul*

Liguèèy katt yi ak seeni njaatiguè dagnuy natt weer wu nekk nguirr euleuk gnu meuneu laddj seen yelèèf ci pensiong allatèrètè.

I.N.P.S ak yenneni beureup gnooy saaytoo natt yi liguèèy katyi ak seeni njaatiguè di joxè.

Nguir nga meuneu jot si allatrete maguet war ngaa:

- Naat lumu gatt 20 att
- Mattal ci bissup 1 janvier 2018 lumu gueuneu de 66 att ak 3 weer (goor ak djiguen) mo xam danga amoon njaatiguè walla danga doon ligueyal sa bopp



Nguirr am pensiongu maguet war nga:

- Tambali natt lu jiitu 31/12/1995
- Mattal 41 att ak 6 weeru natt
Ci jigueen gni, 42 att ak 6 weer ci goor gni.

Natt yi toolo nagnu ak 33% ci payoor gui; 1/3 ligueeykatt bi mookoy natt 2/3 njaatiguèli



I.N.A.I.L.

Keuru gui di saytu ligueey kat yi ci li jeumm ci ndokk yi gnu meuneu am ci senni beureubi ligueey

Dina taxawu gni ndog dal ci seen beureubu ligueey ci anamu natt ndampaay.



Natt ndampaay meunuleu niakk tè ligniy natt wuttèèntè nagnu bugnu ko seetè ci beureubi liguèèyukaay yi.

Natt ndampaay yooyu lepp njaatiguè li moko wara natt. Bamu dess liguèèy..... Subooba liguèèykat bi mooy natt 1/3 bi.



Ponk 13 LÈMPO

Lèmpo

Nguur gui ak deukk yi/diwaan yi/gox yi meunn naniu tabaxal nitt gni ay beureup yu nieupp di jarignoo. Beureup yoyu gni gui lenn di tabax ci xaliss bi nga xamni nieppa ko wara fay.

Taxes : ku beugg yengu ci ab ligueey buniu ragnèè rek moko wara fay

Ci missal : yor ngannaay, keuyitu reubb, jeufeundikoo mbeddum buur.



Warefu lèmpo: xaaliss la buniuy dagg ci am amu nitt ki fekk jottè wul dara ak lileu nguur defal.

- Wareefu lèmpo biniuy dakk ci allalu kenn kunek

Ci missal: IRPEF ci li nitt gni di am, IRES ci li beureubu liguèèyukaay yi di am, IMU biniuy dagg ci deukkuwaay yi ak mbalit mi.

- Biniuy dagg ci ndono walla ak may

Ci missal: IVA, Inp tèèrè yi, Timbar, ay yuni mèl.




Wareefu lèmpo yi meunuleu niakk su fekkè ni danga yenggu ci li askan wi bokk:

- *Lèmpo ndimbal*: nguir mu eumbeu euleuk bepp laago ak ndogg.

Missal: INPS, INAIL

- *Lèmpo fagaru*: nguirr meuneu am euleuk pensiong.

Missal: INPS, INPDAP



Declaration de revenus keuyit leu goo xamni ci leu nitt gni di feusseulé ca keuru lèmpo limu am ci att mi, ci loolèè laniuy meuneu xam niaata la wara fay lempo.

Delcaration bobu gni gui koy def ci keuyit gu niuy tuddè 730. Daniu koo wara jebbeul njaatiguè yi lu weessuwul 2 mai walla ci beureubu CAF yi.

MODELLO 730-1bis redditi
scheda per la scelta della destinazione del 5 per mille dell'IRPEF

Da compilare uniformemente alla dichiarazione degli IRPEF ed acquisite e depositate, al C.A.F. o al professionista abilitato. Da consegnare fiscale e postale nel modulo di deposito unitamente al proprio libro di imposta, controfirmato sul lato di sinistra.

CONTRIBUENTE CODICE FISCALE (obbligatorio)

DATI ANAGRAFICI DATA DI NASCITA (gg/mm/aa) PAESE COGNOME (in tutte le lettere maiuscole) NOME (in tutte le lettere maiuscole)

SCELTA DEL DICHIARANTE PER LA DESTINAZIONE DEL CINQUE PER MILLE DELL'IRPEF

Nome: *Giovanni Verdi*
Codice Fiscale (obbligatorio): **00652220138**

In aggiunta a quanto spiegato nell'informativa sul trattamento dei dati, si precisano che i dati sono utilizzati solo dall'Agenzia delle Entrate per attuare la scelta.

Lu weessuwul 15 mars ci att munekk njaatiguè li warna jox ligueeykatam lignu tuddè CUD biy leeral lepp limu fayyèku ci att mi gnu guenn.


CUD day andeu ak 730. Ci Modello bi dagnu ciy bireul tamit yeneen xaaliss yi gnu am ci att mi (deukkuwaay yi ak yeneeni payoor....)

-Gni meunaniu bagna bindeu 730

-Kiyy fayyèku xalissu ligueyy gu am njaatiguè walla niu nekk allatèrètè.



LIGNIY FAYY



Courang, gaz telèfone ak ndox keur yiko yorè daniuy teureul ay xaatim. Meunn nagnukoo def ci telefone walla gnu dem ci beureup yi.

Ci xaatimu ndox mi walla courang bi walla gaz bi dina gnu ci leeral naka lagnuy fayè.

Njeugu services yoyu gnigui lenn di tuddè Tarif. Beureup yi koy saaytu gnoy teureul njeuggui.



Ci mbaliit mi dinagnu ci fay lèmpo, war na kepp ku nekk ci deukuwaay bumu meunn doon.

Mairie yi niooy fayèèku lèmpo mbalit mi diko saaytu.

Dinagnu yonèè keuyit yi gnuy fayè ca poste ba ay jamono.

Meun naniu ko fay ci bankyi walla ci poste yi.

Ponk 14

AND CI DUNDINU REEWMI
KEUYITU SEJOUR

And ci dundinu reewmi

Doxandèem yiy sooga dugg ci reewum Italie, warnanioo andeu ci teureulinu reewmi.

Fanneu la bu am ay pogn yi niuy joxè ci ay jeuf:

Ci missal:

- Tanneu doktor 4 pogn
- Am keuyitu luyass 6 pogn
- Xam nekkin gu rafeet ci reewmi 15 pogn
- Xam kallamay reewmi niarèèlu fann 24 pogn



Pogn yoyu meun naniu lenn wagni su yonn teguè nit ki loxo, walla mu tekk ko ay daan.

And ci dundinu reewmi /2

**Binuy niaan dugg ci deukk bi
dinagnu la lebal 16 pogn**

**Ci diiru niaari att doxandeem bi dafa
wara wonnè ni amneu 30 pogn, mu
mottalèèko xam kallama reewmi ba
agg ci gnaarèèlu fann wi bolè ci xam
li sartum reewmi teureul ak ni italien
di dundèè**

**Su fèkkè ni ci diiru niaari att
doxandèèm bi matalul 30 pogn yi,
dinaniu mayaata bennen att guir mu
mattal ay pognam.**



And ci dundinu reewmi/3

Ci att miniu koy dollil, doxandèem mi dafa wara def keemtalay katanam guirr mataal 30 pogn. Jangum xam dundinu reewmi ak xam kallama italien (fann 2) lu meunuleu niakk leu

Bania bokk ci jangalèem xam nekkim ci reewmi meun neu tax niu wagnil leu 15 pogn

Ku fi def nieeti att tè mattalo 30 pogne meun naniu la banial yèèssalu sejour ak guènèleu reewmi.



And ci dundinu reewmi/4

Nguir teuyè 15 ci 16 pogn yi niu lay may ci njeulbèèn ga, laadj na rek nga dem bokk ci jangalèèm nekkin ci reewmi bi prefecture teureul.

Nguir am 24 pogn yi soxxèko ci xam kallama italien bi (fann 2), meun nanioo bindu ci luniu dul fay dara ca beureubu CTP walla ca daara ndimbeul yi gnu ragnè ci CTP yi. Su njang mi jèèxè dinaniu la jox xop wulay may nga outi keuyitu sejour.

Niaari pathieu yoyu rek tax naniu nga rombeu 30 pogn ak ligniy laadji.



Meun naniu tamit fay nguir jogantè ci kallama italien gui niu jox laci aw xop gu lay jeurign ci keuyitu sejour bi ak bo beuguè bindu ci am jannng metier.

Keuyitu sejour bu amul app

Doxandèèm bi nekk ci reewmi am fi 5 att am lu toolu ak 5143 euros ci att mi, fekk yonn topuko, meun na bindeu niaan keuyit gogu.

- Guir moom
- Guir jeukeureum walla jabaram bu ay attam wessu 18
- Guir doom yu tuti yi tè niu yorleen
- Guir wayjureum yi mu yor.

Laadj na nga wonè keuyit guy firndèèl ni sa xam xamu italien agg na niarèèlu pacc, ni meun na am ci amnam wowè accordo di integrazione.

Keuyit gui niuy niaanè sejour bobu nianga koy djeulè ca poste ba remplir ko.

Keuyitu sejour bu amul app/3

Ci li jeum ci xam kalama reewmi,
doxandèèmbi meuneu bindeu laadji
Prefecture nguir niu natt xamxamam ci lumu
dul fay dara, ci internet bi
<http://testitaliano.interno.it>
Dinaniu ko woo ci diiru 60 fann yi topp ci
bimu ko niaanè.



Gni ni diniu natt sen xam xam ci kalama italien:

- 1)Ki jang fi ci Italie ba am fi lijaassa
- 2)Ki doug Italie ci yoonu «xam xam bu leer»
- 3)Ki nga xam nidafa am keuyit guy wonè ni
werguyaramam mayuko mu jang. Mo xam laago la walla
muy gunè walla mu tawat

Dadjalè njaboot gui

Doxandèèm bi amm keuyit gu yèèssul att ci deukk bi di liguèèy walla muy jang walla mou am keuyitu sejour bou amul app meun na bindeu niaan mbokkam yi ko jeguèè nieuw fekksiko ci Ital ie guir njaboot gui dajaloo

Meun nagnu bindeu niaan dajalè njaboot guii:

- Jeukeur walla jabar
- Doom dju nekagul muskalaf, mo xam yako jurr walla seu jeukeur/jabar jurko walla nga am ko ci ludul bumu seuy walla nga taggo. Ki taago nak dafa wara am waawu beneen wayjur bi guirr meuneu indi doom dji.
- Doom dju muskalaf bi niu yorè, manaam meunuleu yorr bopam ndax dafa and ak tawat.
- Wayjur yi nekk ci deukk ba tè amuniu kuleen topatoo.



Dadjalè njaboot gui/2

Numuy amèè

- Dagnuy remplir keuyitu gnaan gui joxèè ko ca Sportello Unico boolè ci nataalu passeport (photocopie), keuyitu sejour bi, keuyit guiyy wonè ni deukuwayy wi baaxna ak limouy fayèèku doyna.



- Mbook mi moom dafay joxè ca ndaw la toogal Italie ca deukkeum keuyit yiy wonèè limu bokk ak kikoy indi, walla ni xaleleu, walla ni dafa tawat.



- Bi dafay joxè keuyit guy wonè ni bindeu naniu niaan indi mbokk mi. Ci biir 90 fann yi topp ci banu bindèè niaan gogu, Sportello Unico dineu nangu walla mu bagn dadjalè njaboot gogu. Dinako birreul ca ndaw li togal italie ci deukku ba way gnaan gui bayikoo.



Dadjalè njaboot gui/3

Numuy amèè



- Bu 90 biss weesoo, ki gnu beugg indi meun na demm ci keuruk Italie ci deukeum joxè fa keuyit yiy wonnè ni niaan neu indi mbokkam momu, nguirr niu defal ko xaatim gui koy dougeul ci deukkup Italie



- Bu mbook momu agssè ci deukkup Italie, ci diiru 8 fann danio wara bireul ca Sportello Unico ni mbokk momu aggsi neu ci deukk bi daldi took nak khaar wootè nguirr jeul keuyit yiy tax niu mayko keuyitu Italie. Keuyit yoyu bouniu lenn bindèè ba noppi dinaniu lenn jaaralè poste mu agg ca Questura ba. Wa poste dina niu la jox keuyit gou ndaw booy sukeundiku di seet ci internet fu sejour bi tolu.

Sejour nguirr dajalè njaboot gui maynaleu nga ligueyy, jangg ak outtkeuyitu fadju

Ponk 15
DOON DOOMI RÈÈWMI

Doon doomu reewmi

Meunn naa nekk:

- 1) Ci ki deukk Italie 10att tè joguè woufi, fekk mu am lumu meuneu yorè boppam(dunnd) tè tamit na fekk meussuleu jotèè dara ak buur (justice). Ku beugg nekk doomu reewum Italie dangay bindeu, gnaan.
- 2) Ci ki fi juddo ay wayjureum nekk ay doxandèem mu deukk ci Italie ba am 18att, kooku dafa wara bindeu gnaan balaa mo mattal 19 att.
- 3) Ci ki seuy ak doomi rèewum Italie, nekk ci seuy bobu lu tolo ak niaari att fi ci deukkub Italie walla nietti att su fekkè ni deukkul Italie (att yi dagnu lèen di wagni su fèkkè ni doom dafa juddu ci seuy bi, walla niu dennk lèen doom). Na fekk nak kiyy niaan jotè wul dara ak buur.





Jangalè xam nekkìn ci biir deukk bi *Doon doomu Italie* Janvier 2014

Bindtakbi:



Mbootaayu dimbalèkatt yi ak nguiy ligueey si askan wi ci ndimbeuleum CESV-SPES

Via Liberiana, 17 00185 Roma Tel: 06491340
scuolemigranti@cesv.org www.scuolemigranti.it

Firikatbi : Francesca Abbate, Daniela Bossa, Valentina Casavola, Daniele Diviso, Fiorella Farinelli, Augusto Venanzetti

Deffarkattu naatalyi : Francesca Abbate

Tekkikattu kaalama italian bi : Amadou Souleymane Kane

